

DARI tadi, orang-orang A itu merayu agar diperbolehkan menembak paus di laut kami. Dari tadi pula, kami menolak rayuan mereka karena paus-paus di laut kami tak boleh ditembak. “Kalau mau tikam saja,” sebut kami, begitu.

“Jika kalian orang A datang untuk mempermudah segala sesuatu dari ajaran adat, lebih baik angkat kaki saja. Tunggu paus di laut sendiri. Di sana bebas. Mau ditembak, dibacok, ditebas, dibom, disunat pun terserah. Asal jangan di laut kami.”

Mereka orang-orang A tak sedikit rencana. Dari bincang-bincangnya paus di laut kami punya daging lebih lezat dari laut mana pun. Padahal, paus-paus di laut itu berpindah-pindah tempat. Kadang ke laut kami, kadang ke laut mereka, kadang juga ke laut-laut lain. Tapi mereka hendak menipu kami hanya dengan mengatakan paus di laut kami lebih lezat. Kami bukan orang bodoh.

“Jangan paksa kami. Kami pun tak mau memaksa kalian untuk angkat kaki. Sebelum terlambat, baiknya kalian sadar dan tak usah kembali!”

Subuh itu, tepatnya setelah penolakan serta kepergian orang A, terdengar ledakan dahsyat yang mengagetkan kami dari tengah laut. Mulanya kami menduga suara itu berasal dari bencana alam, tetapi setelah hari mulai agak terang, kami mendapat jawaban ledakan itu dibuat oleh orang A yang masih sibuk menaikkan paus raksasa ke atas kapal mereka.

Apa boleh buat. Mereka orang A sudah kurang ajar. Meski marah tak terbendung, kami tak bisa memburu mereka ke tengah laut sampai ke negara mereka. Kami tak punya mesin perahu. Kami mengandalkan tenaga manusia untuk mendayung di laut. Daripada susah payah mendayung dan mendapati lelah hingga akhirnya kelak dengan mudah dilumpuhkan orang A, akhirnya kami memilih berkumpul menyusun rencana.

Menurut kepercayaan kami, sebenarnya orang yang melanggar akan mendapat musibahnya sendiri, tetapi kami belum yakin

Orang A di Laut Kami

Cerpen: Beri Hanna



apakah orang dari luar tanah kelahiran kami akan mendapat kutukan serupa. Sejauh ini, kami belum tahu. Syukur bila hal itu berimbas pada mereka yang subuh tadi menembak paus di laut kami.

Pada subuh berikutnya, bukan hanya satu ledakan. Tetapi sepuluh ledakan dahsyat jelas terdengar oleh kami. Itu berarti sebelas paus mereka lumpuhkan dalam dua subuh. Ini sungguh tidak bisa dibiarkan.

“Sebelas paus dalam dua subuh. Kita tidak boleh diani!”

Orang-orang A itu sudah membuat kami bimbang. Ledakan-ledakan tembakannya membuat kami terpecah belah.

“Begini, kita harus sepakat subuh nanti serentak turun ke laut. Kita kepung mereka!”

“Kalau mereka menembak kita?”

“Setidaknya kita mati di laut.”

Kalimat itu sepertinya cukup berhasil membuat kami bersatu untuk turun ke laut pada subuh berikutnya. Saat tiba waktu subuh itu, kami melihat kapal orang A. Setelah mengepungnya, ada kegagalan. Tak satu pun kami

melihat ada manusia di sana. Setelah benar-benar mendekat kami dapat memastikan bahwa kapal itu benar-benar kosong.

Subuh berikutnya kami mendengar lagi tembakan. Kali ini berkali-kali. Tidak dapat kami hitung berapa jumlahnya. Dan ketika kami mengepung kapal orang A, lagi-lagi tak kami temukan apa-apa.

Hingga suatu terang di tengah laut, kami melihat tubuh manusia terapung-apung dengan bekas luka tembak.

“Tubuh orang A kena tembak.”

“Siapa yang tembak?”

“Siapa yang punya senapan?”

“Orang A punya senapan.”

Setiap subuh suara ledakan menghasilkan bangkai manusia di siang harinya. Kami melihat ada kurang lebih selusin bangkai tubuh manusia terapung-apung di atas gelombang ombak. Jumlah terus bertambah dan berkurang karena dimangsa ikan-ikan. □

**) Beri Hanna, lahir di Bangko. Bergiat di Kamarkata Karanganyar dan Kuliah di STKIP PGRI Ponorogo.*

Oase

Lailatul Kiptiyah

BUNGA-BUNGA KERING

-Ngaeni bin Khahar-

bunga-bunga kering yang terkumpul
kusimpan seperti benih
pecah bercukul
menghampar ke ruas tanah

seperti daun-daun tua tiba di bawah
menyisih oleh langkah
seperti itu aku mengunjugimu
dalam ziarah

setiap selepas salam
kuulur kangen, kuringkas jarak
alfatihah, alfatihah

Ampenan, Ramadhan 1441 H

MUSIM TANAM

hujan yang mencurah ke sumur-sumur ledeng
telah mengekalkan tibanya musim *rendheng*

benih-benih padi yang kau semai
bercukul ramai, berkumpul rinai

sekawanan belibis menapak di pematang
di dadamu yang tipis, duka lama mencipta kubang

seperti mata sejarah sembab meriwayatkan
padamu, kitab musim dititipkan

jalan takdir
yang menuntunmu pulang

2012-2020

KESEPIAN

kesepian bertumpuk
di sudut meja kerja
jam-jam memburu
menyingkirkan kangenmu

melangkah pulang menuju dusun
memasuki jantung kebun
di sana tertanam akar-akar
masa kecilmu

sebatang sendung membubung
dahannya bagai sepasang tangan
terulur melipur kehilangan

tujuh langkah ke timur
sebatang randu tugur
di bawahnya segerumbul talas
tadah bagi cangkang-cangkang
pecah mengugurkan kapas

kesepian memeluk
di akhir jam lembur
sampai ke paviliun
mengambungmu dalam tidur

Ampenan, 2019

DI BAWAH JENDELA

di bawah jendela
rumput-rumput tumbuh
lima lembar genteng bertumpuk

bersandar menyusun bentuk
punggung yang menopang osteoporosis
bertahun membungkuk

di bawah jendela
semut-semut berumah
menajak lewat undakan ke lantai
tanah itu; kusen, saka, rusuk-rusuk

menaburkan bubuk
ibu dan rumahnya yang melapuk

Ampenan, 2019

KOTA-KOTA MEMANGGIL

sebuah musim menyusutkan air
debu berhimpun di urat daun-daun
unggas, kupu-kupu berpencah
di jalan-jalan takdir

dari jauh kita dengar
kota-kota memanggil
tubuh-tubuh muda dengan seragam
yang tak lagi jemih warnanya

seperti masa lalu kita
memancur deras
mengalirkan gema
kita terima sepenuhnya

seperti doa tak putus-putus
dari kabilah-kabilah memintas
di padang-padang
belum ringkas dari perang

Ampenan, 2019-2020

Lailatul Kiptiyah lahir dan besar di Blitar, Jawa Timur. Buku puisi pertamanya yang baru terbit adalah ‘Perginya Seekor Burung’ (April 2020). Waktu luangnya kini kerap digunakan untuk mempelajari jenis-jenis tanaman. Bermukim di Ampenan, turut menjadi keluarga di komunitas Akarpohon Mataram-NTB.

MEKAR SARI

Adiluhung

Pawarta Lolawara

//Ujaring panitisastra /-awewarah asung peling/-ing jaman keneng musi-bat/wong ambeg jatmika kontit/mengkoko yen niteni/pedah apa amituhu/-pawarta lolawara/ mundhak agreranta ati/angurbaya angiket cariteng kulal/.

TEMBANG Sinom kasebut kapethik saka *Serat Kalatidha* (1873, N.Ng. Ranggawarsita:1802-1873), pada kang kalima. Dene pada kang kondhang ing *Serat Kalatidha*, yaiku pada kapitu,”Amenangi Jaman Edan”. Ewa semono, pada kalima iki uga ora kalah wigati, mligine tumrap pepeling babagan anggone padha ngrenah ‘pawarta lolawara’, kabar angin kang tundhone mung gawe susah. Jaman saiki, kawastanan *hoax*, pawarta kang durung cetha nyatane lan bisa gawe bilahi.

Pada tembang kasebut dudu winates panyandraning kahanan, nanging uga ngandhut wulang lan weling. Weling iku, (1) *nalika wis kaparingan pralampita kahanan minangka penget, kayata sumebaring pageblug*, (2) *kahanan jaman kang sarwa ribet lan repot, akeh wong padha kacipuhan, kepara malah tindak culika durjana ngambra-ngambra*, (3) *saya akeh wong kang kagungan budi luhur kesingkir, mula wis ora ana gunane maneh*

Purwadmadi

percaya marang kabar angin, jalaran (4) *mikir kabar angin (hoax) tundhone malah gawe susah. Menawa nemah kahanan kang kaya mangkono iku, luwih becik nuli* (5) *gawe andharan pangajak nulad marang tuladha becik para leluhur ing jaman kawuni.*

Mligi gayut ing antarane kahanan jaman kang sarwa repot, tumrajange pageblug lan sumebaring pawarta lolawara (kabar angin, *hoax*), kaya kang ngrenggani kahanan saiki, pancen kudu bisa dadi penget lan wulang. Wulang cara carane tumindak pratitis lan waskitha ngladeni tumempuhe pawarta lolawara. Nanging umpama para wong kang kagungan budi luhur, pakarti becik, wasis ing karya, lan sepi ing pamrih isih katuran cawe-cawe tumandang makarti mranata nagara lan bangsa, kawula kudu tetep duwe pengareparep, kahanan bakal pulih, pageblug bakal sirep, lan pawarta lolawara bakal mendha.

Pawarta tansah duwe daya pangaribawa tumrap masarakat. Sumebaring pawarta lolawara bakal sirep yen masarakat saya pratitis titi permati anggone milih warta, ora gampang candhuk lawung, tetep teteg teges anggone milih warta, ora miyur ing

budi dening panggodha, enggal nilar karemenan suka pambyawara warta sanajan durung cetha lan gumathok. Pancen, pambyawarane pawarta lolawara itu asring kasengaja dening polahe wong culika, pamrihe gawe dredah ombyaking suwasana dimen warga masarakat bingung kelangan adeg-adeg lan gujegan. Pawarta lolawara bisa dadi wisa tumrap kettentremane warga.

Akeh winasis kang ngendika, pawarta lolawara ing satengahing panandhang ora winates gawe ati lara, nanging uga gawe bingung, satemah banjur nyuda kapitayane raga anggone bakal tetolak mala, ngringkihake pikir anggone padha bakal subrastha ing lelara. Sumebaring pawarta becik, pawarta kang sanyata, bakal manjing dadi tamba. Apamaneh, yen para luhur budi, lantip ing panggraita, wasis waskitha mrantasi ing karya, isih kegem, mugen, lan temen ngulir budi subrastha mala, mula tamba kang teka bakale cespeng tumanja, gawe singkir mala. Aja luntur ing panggodha, aja miyur dening pawarta lolawara. Kanthi mangkono, kahanan pageblug ora sida kangslupan Jaman Edan. Muga-muga. □

Purwadmadi, sutresna budaya Jawa

Geguritan

Siti Siamah

REBUTAN MAYIT

*Wis pantes diarani edan-edanan
Yen mayit bae dadi rebutan
Kadya bandha warisan
Upyeg tekan pengadilan
Banjur ana sing kejiret ukuman*

*Pancen gawe miris yen mayit dadi rebutan
Satengahe pageblug sing nyalawadi
Banjur akeh sing padha kemenungsan
Pasar-pasar dadi singup nggegirisi
Akeh sing banjur numpuk utang
Sawise nggrogoti papan sandhang*

*Rebutan mayit bakal kedaden maneh
Yen isih ana sing ora bisa triman
Utawa ora gelem seleh sumeleh
Apa maneh mituhu paugeran*

*Sajroning urip bebrayan
Kabeh kudune njunjung kinurmatan
Sing mati diopeni kanthi bener lan pener
Sing kuwasa aja ngangsi keblinger.
Kandhang Rodha, 2020*

SEMUGIH

*Akeh sing padha semugih
Tanpa ngukur ambegane
Nganti menggehe-menggehe
Banjur kapiran pungkasane*

*Ora preduli panas apa udan
Latar omah dadi panggung ndhangdhutan
Sesuke jebul diuber-uber tagihan
Kamangka omahe wis dadi agunan*

*Urip sing becik kuwi apa jare
Yen pancen kere aja munggah bale*

*Apa maneh turu ing tumpukan kasur
Dadine bola-bali malah nglindur*

*Pancen akeh sing seneng semugih
Pamer omah pamer tedhak getih
Banjur bola-bali kewirangan
Rana-rene kesangkut kadurjanan*

*Pancen akeh sing ngaku juragan
Banjur nglempuruk kurugan utang
Omahe magrong-magrong ngadhepi ratan
Jebul suwung ditinggal nginep ing pakunjaran.
Kandhang Rodha, 2020*

PASIEEN STROKE

*Wong wadon kuwi durung tuwa
Menawa umure lagi telu lima
Nanging rina wengi turu mlumah
Ngabliah-ablah tanpa obah*

*Wong wadon kuwi pancen lara stroke
Sawise kelangan kulawargane
Anak bojone minggat
Omahe wis didol kanggo brobat*

*Sadurunge lara stroke
Dheweke dodolan awake
Jalaran ora marem duwe bojo
Sing dikuya-kuya jare wis loyo*

*Menawa pancen wis kuwalat
Tiba banjur ora bisa ngglawat
Sawise saka hotel ditabrak jaran
Ngathang-ngathang ing ratan*

*Saben ana tangga sing niliki
Wong wadon kuwi mbrebes mili
Arep ngomong ora metu suwarane
Jalaran ora bisa ngobahke lambe
Kandhang Rodha, 2020*

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email mekarsari.kr@gmail.com. Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. (**Redaksi**)